ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№№59-60 (22.968) ● 2015 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 2, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр тумэнитІщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Лъэпкъхэм я Іуэхухэм гулъытэ лей хуащІ

УФ-м и Президент Путин Владимир Іэ щІидзащ «Лъэпкъхэм я Іуэхухэмкіэ федеральнэ агентствэм теухуауэ» Указым.

АР къыззрыщыхъуам и гугъу щищым «Урысей зэкъуэт» партым и Щыналъэ зэхуаку ззэшГэуІу советым и унафэщІ, Къэрал Думэм и депутат Щхьэгъуэш Адэлбий къигъэлъэгъуащ лъэпкъ Іуэхухэр зэблэгъэкІыныр къэралым кІыпэщІ къалэн нэхъ ин дыдэхэм зэращыщыр икІи абы гулъытэ хэха зэрыхуэфащэр.

«ЩІэуэ къыззрагъэпэщ агентствэм и зэхэлъыкІэр зыхуэдэу щытынум кузд елъытащ. Си щхьэкІэ сэ сыхуейт зэуІуу лэжьыгъэр езыгъэжьэфын, зэфІэкІ зыбгъэдэлъ цыху щІалэхэр абы къыщыззхуэсыну, апхуэдэу къэралым щыІа лъэпкъ зэгурымыІуэныгъэхэр дзгъэкІынымкІэ зэфІэкІ къэзыгъэлъэгъуа цыху щхьэхуэхэри а Іэнатіэм кърашэлІэну. Мис апхуэдэ лэжьакІуэхэм яхуэзфІэкІынуц Манеж утым щытпІэгъуа щІэщхъум зэуІуэкэр кьамыгъэхъун. Кіэлъыплъынытэ тэмэм зэтедгъэувэмэ, дэ лъэпкъ республикэхэм щыІэ гугъуехьхэр нэхъ Іупщіу тлъагъунущ икІи ди къэралым иц лъэпкъ псори зэхъуэгъэувэным зыубгъуауэ делэжьыбгъынущ», - жиІащ Щхьэгъуэш Адэлбий.

Апхуэдэу абы къыхигъэщхьэхуІащ а агентствэм Урысейм щрагъэкІуэкІ къэрал кІуэцІ политикэм тэмэму хищІыкІыу, Іэнатіэм пэрытхэри сыти лъэныкъуэкІи хэкуми сэбэп зьхэлъхэм телэжьэну хьэзыру зэрыщытыпхьэр.

Ныбжьыщ Іэхэр Парламентым ирагъэблагъэ

● Гъэугу къежьапІэ

КЪБР-м и Парламентым иджыблагъэ щыІащ нэхъыфІу еджэ студентхэмрэ школакІуэхэмрэ. Ахэр яІущІащ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ Іым и къуэдзэ Жанатаев Сэлим. Парламентым Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и комитетым и унафэщІ Азычэ Светланэ, а комитетым хэт, Налшык къалэ дэт 9-нэ школым и унафэщІ Коротких Ольгэ сымэ.

- ФЭ НОБЭ фиІэ екъулІэныгъэм, щІэныгъэм елъытащ республикэм и къэкІуэнур. Абы къыхэкІыуи фи гупсысэкІэм, Іуэху елтыкІэм дыкІэлъыплъыну ди гуапэщ, - жиІащ Жанатаевым.

КЪБР-м и Парламентым и лэжьакІэм, республикэм и къэрал властым, ар зэрыгъуэша Іыхьэхэм, УФ-м, КЪБР-м я Конституцэм, Парламентым и тхыдэр зэрызэфІэува лъэбакъуэхэм ныбжьыщІэхэм яхутепсэлъыхьащ Коротких Ольгэ. Ар къытеувыІащ Парламентым иджыпсту и зэхэлъыкІэм, политикэ партхэм, комитетхэм, абыхэм яІэзэщІэ къалэнхэм.

Азычэ Светланэ ныбжьыщІэхэр щигъэгъуэзащ Парламентым и Щ Іалэгъуалэ палатэм.

- Зэпеуэкіэ къыхыдох политикэ Іуэхум ихьэну гупыж зыщІ щІалэгъуалэр. Палатэм къыхохьэ студентхэри, 11-нэ классхэм щеджэ ныбжьыщІэхэри, жылагъуэ зэгухьэныгъэ зэхуэмыдэхэм хэтхэри, - жиІащ Светланэ. Икіи ЩІалэгъуалэ палатэм зэрыхихьэ щыкІэр ягуригъэІуащ.

КъБКъУ-мрэ УФ-м и Правительствэм и деж Финансхэмкіэ щыІэ университетымрэ я студент Іэрэмысэ Тимур жиІащ зэкъуэрей ильэсхэм республикэм икІыу щІэныгъэ ззэшГэгъуэта щІалэгъуалэм къызэрамыгъэзэжым гу зэрыльитар, ахэр къешэлІэжьнымкІэ къулыкъущІэхэм ялэжьым щІэупщІащ.

- Ныбжьыщ Іэхэр Урысейм и вуз нэхъыфІхэм щеджэным зэрыхуэпабгъэр фІыщ, - жиІащ Азычэм, - ауэ щІэныгъэ зэбгъэгъуэтыну гупыж уиІэ къудеймэ, республикэм и еджапІэхэри нэхъыкІэкъым. Иджыпсту щІэныгъэр пІэныкъуэ къудым къыщыбгъэсэбэп мэхъу. Зэпеуэхэм фыхьхьэ, грантхэр къэфх. Дунейм щекІуэкІым зыщыбгъэгъуаззу къыщІэвдзэ газет федджэурэ, хъыбарыщІэхэм феплъурэ.

Ныбжьыщ Іэхэр зыгъэпІейтей Іуэхугъуэхэм ящыщу жаІащ я ныбжьхэм фадэмрэ афиянымрэ ззэшхьэлІэ куэду зэрахэтыр. Депутатхэм жаІащ абы теухуауэ республикэм лэжьыгъэ зэрыщагъэкІуэкІыр, законопроект зэрыщыІэр.

ЩІалэгъуалэм къыхагъэщхьэхуІащ республикэм иджыпсту щат улахэр егъэлеяуэ зэрафІэмащІэр. Азычэ Светланэ къыхигъэщащ еджапІэ нэхъыщхьэхэм я лжьакІуэхэм я улахэм хъарзынэу зэрыхахэхъуар, я нэхъ мащІэу сом мин 16 къызэрахьыр.

ЗэІущІэм и кІэм ныбжьыщІэхэм депутатхэм я гъусэу сурэт зытраГэхащ.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

● Текіуэныгъэ-70

Кузнецов Василий и цІэр зэрехьэ

Тырныауз къалэм дэт курыт школ №2-м Совет Союзым и ЛІыхъужь Кузнецов Василий и цІэр фІащащ.

УРЫСЕЙПСО цІыхубз фронтым и щІыналъэ къудамэм хэтхэм, штабым и унафэщІхэм ящыщ Хутуевэ Любовь я пашэу, Іуащьэмахуэ район администрацэм зыхуаГэззащ лІыхъужьым и цІэр школ гъэрым фІащыну Текіуэныгъэ Иныр илъэс 70 щрикъуи ирихьэлІэу. Апхуэдэ жэрдэмыр даІыгъащ Тырныауз къалэм и щІыпІэ самоуправленэм и Советым хэтхэм.

«ЛІыхъужьым и цІэр - еджапІэм» проектыр гъэзэщІэным япэу иужь ихьащ Тырныауз къалэм дэт курыт школ №2-м и гъэсэнхэр. ЕгъэджакІуэхэр я дэІэпыкъуэгъуу сабийхэм зрагъэщІащ я районым и тхыдэр, Хэку зауэшхуэм и лІыхъужьхэм я гъащІэ гъуэгуанэр, Афган зауэм хэтахэр, республикэм и зыужьыныгъэм зи гуащІэ хэзылъхьа цІыхухэр икІи ныбжьыщІэхэмрэ егъэджакІуэхэмрэ къалъытащ я школым Кузнецов Василий и цІэр зрихьэн хуейуэ.

ЕджакІуэхэм ЦІыхубз фронтым къыхилъхьа жэрдэмыр ягу дыхьащ. Абыхэм Хэку зауэшхуэм и ветеранхэу я районым щІпсэухэм ятеуха тхыгъэхэр ззхуахьэс, а илъэсхэм я тхыдэр а лъэхъэнэм псэуахэм къаІуэтэжхэмкІэ зрагъащІэ.

ЕджапІэм зи цІэр фІаща Кузнецов Василий Григорий и къуэр 1916 гъэм мэкъуауэгъуэм и 5-м Тверь областым хьыхьэ Бельскэ районым щыщ Петровэ къуажэм къыщащІыхуащ. Курыт еджапІэр, Ленинград дэт инженернэ-ухуакІуэ институтым и курситІыр къиуха нэужь, Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и Тырныауз жьлэм щыпсэуащ икІи щыплэжьащ. 1937 гъэм Дзэ Плъыжьым къуплькъу щиІэну ираджащ.

1942 гъэм щегъэжьауэ Хэку зауэшхуэм и зэхэуэ гуащІэхэм хэтащ. Кузнецов Василий 1943 гъэм бадзэуэгъуэм и 5-м ротэм и командир яуклам и пІэ иуващ икІи Белгород областым хьыхьэ Топлинкэ станицэм щекІуэкІа зауэ гуащІэм унафэщІ Іэзэу зыкъыщигъэлъэгъуащ.

1943 гъэм шыщхьэІуэм и 27-м СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым къыдигъэкІа унафэм ипкъ иткІэ, нэмыщ-фашист зэрыпхъуакІуэхэм ящыщІэтыным хуэгъэзауэ пщэрылъ къыхуащІахэр нэгъэсауэ зэригъэззэщІам икІи лІыгъэрэ хахуагъэрэ къызэригъэлъэгъуам папщІэ гвардием и лейтенант нэхъыжь Кузнецов Василий Григорий и къуэм Совет Союзым и ПІыхъужь цІэр къыфІащащ. Ленин орденымрэ «Вагъуэ Плъыжь» медалымрэ къратащ.

Офицер хахуэм къыхэуиуэхатэкъым Текіуэныгъэм и махуэр игъэлъэпІэну. 1945 гъэм накъыгъэм и 6-м лІыхъужьыгъэ къигъэлъагъуэу ар щьхэкІуэдащ Германием и щыналъэм щекІуэкІа зауэхэм ящыщ зым. Ар щыщІалъхьащ Грейфсвальд къалэм (Къуэкіыпіэ Германие).

Кузнецов Василий къыхуагъэфэщащ Лениным и орденыр, Бэракъ Плъыжь орденыр, Хэку зауэ орденым и ятІонэрэ ныгъэщІэр, медалэр.

ТАРИМ Алисэ.

Борэным и къарур егъэлъагъуэ

Къуэкъэпіэ Европэм щыщ къэрал зыбжанэ мы махуэхэм гугъу ирегъэхь «Никлас» зыфІаща борэным. Ар нэхъ щытетхэм ящыщу Германиер, Австриер, Швейцариер, Нидерландхэмрэ Инджылызымрэ.

Мылъку хэщІныгъэм и мызакъуэу, а дуней къэхъукъащІэ щынагъуэм псэдэгъи кьихьащ, ЗэкІэ къызэратамкІэ, жьапщэшхуэм и зэранкІэ цІыху 11 хэкІуэдащ.

Борэным апхуэдизкІэ кьаруушхуэ иІэти, жыгъишхуэхэр я лъабжьэр къыдэкІуэу кьричыр, унащхьэхэр трихырт, автомобилхэр щъэпридзырт. Уэрамым зэрымыщІэкІэ къыдэна цІыхухэри гужьеигъуэ хидзащ жьапщэм, я лъэр щІидзэ ирихьэжьэу.

ЩытыкІэр щынэхъ гугъур Германиерщ. Абы и щІыналъэ куэдым гъущІ гъуэгу зэпыщІэныгъэхэр къыщызэтрагъэувыІащ, аэропорт зьбжани зэхуащІащ.

ЩІымахуэр икІауэ къалъытами, щыуащ Чехиемрэ Польшэмрэ щыпсэухэри. А къэралхэм уэс куу къыщецащ, жьапщэшхуэ щІэту.

Жьапщэм и къарур а къэралхэм кІуэ пэтми нэхъ мащІэ щохъу, ауэ абы нэгъуэщІ лъэныкъуэкІэ иунэтІыну аращ жаІэр дуней щытыкІэм кІэлъыплъхэм.

Гъуэгур ахъшэкІэ «ядыж»

Приморскэ крайм хыхьэ Арсеньев къалэм и гъуэгуэр хуабжьу зэрызэхэкъутам властхэм гу лърагъэтэн папщІэ, абы щыпсэу ныбжьыщІэ гуп зыхуекІуэ Іэмалыр икъукІэ гъэщІэгъуэнщ.

«Дзэлэ димыІэу гъуэгуэхэм папщІэ налогхэр ттынщ» фІащри, абыхэм акъэ ирагъэкІуэкІащ. Ар къыхэзыльхьахэр зэгурыІуащ ахъшэ кьыхахыну. Ахъшэр жьгъейми тхьилъымпІэми хъунут, щхьэж игу пыкІым хуэдизт кьыІахри. Апхуэдэ щыкІэкІэ абыхэм зэхуахьэсащ ахъшэ пэгун зыбжанэ. Адэжь ящІащ нэхъ гъэщІэгъуэныр - ахъшэр иракІутащ къалэм и гъуэгу нэхъ зэхэкъута дыдэм иІэ кумб гуэрым икІи ар цементпс зэхэщІакІэ тралъэщІэжри, яГъэбыдэжащ.

«Апхуэдэ щыкІэкІэ дэ къэдгъэлъэгъуэну дыхэтащ гъуэгум иІэ кумбхэр ахъшэкІэ бгъэсэнныр зэрыпэхьыфІыр, абы папщІэ налогтты нэхъри. Сыту жыпІэмэ, гъуэгум автомобилкІэ дызэрыщызекІуэм папщІэ тІах налогым и сэбэп зыми кьыдэкІыжьыркъым. А ахъшэр здэкІуэр гурыІуэгъуэкъым икІи щытыкІэм зыкІи зихъуэжьыркъым. Кумбыр ахъшэкІэ «бдыжьныр» нэхъ къезэгъыу къыщІидзынкІэ хъунущ», - жаІащ жэрдэмщІакІуэхэм.

Арсеньев къалэ администрацэм зэрыжиІэмкІэ, уэтІпсытІ лъэхъэнэр зэрикІыу гъуэгуэр зэгъэпэщыжьым щІадзэнущ.

Мы махуэхэм

Мэлыжьыхьым и 2, *махуэку*

♦Сабий тхьилъым и дунейпсо махуэщ

♦Белоруссиемрэ Урысеймрэ я лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и махуэщ

♦1911 гъэм Цагъуэ Нурий Истамбул адыгэбзэкІэ къыщыдигъэкІащ «Гъуаз» газетым и ятІонэ номерыр.

♦1948 гъэм **КІэрашэ Темботт** СССР-м и Къэрал саугъэтыр къратащ.

♦Журналист, УФ-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **АфІэунэ Раисэ** къызэралъхуРэ илъэс 83-рэ ирокъу.

♦Социалист Лэжьыгъэм и Плъыжьэ, Урысей Федерацэм щІыхь зиІэ и механизатор **Дадэ ХъэмытІэ** къызэралъхуРэ илъэс 78-рэ ирокъу.

♦Бэзэщ Іэныгъэлі, филологие щІэныгъэхэм я доктор **Абдокъуэ Іэуес** къызэралъхуРэ илъэс 74-рэ ирокъу.

♦Урысей журналист щІэрыІуэ **Сваниде Николай** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытыкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 8 - 11, жэщым градуси 3 - 4 щыхъунущ.

Мэлыжьыхьым и 3, *мэрем*

♦1904 гъэм Кавказ бригадэм хьыхьэ Бэракъ Плъыжь орденыр къызэрагъэпэщащэу щытащ.

♦Нэмыщэ политик, къэрал лэжьакІуэ щІэрыІуэ, ФРГ-м и канцлер илъэс 16-кІэ щытащ, Германие къэралитІыр зы хъужьыным хэлІыфІыхьа **Коль Гельмут** и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирокъу.

♦Усакіуэ, Адыгэ Республикэм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Куий Щыхьымбий** и ныбжьыр илъэс 52-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытыкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэ щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 3 - 4, жэщым 1 градус щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Зи щхьэ зыхуэмылъэфым пхъэлъэф зыкІэрещІэ.

Чэнджэщ пыухыкІахэр

● Банк Іуэхухэр

Урысейм и Хъумапіэ банкым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и хэщІапІэм щекІуэкІащ «ЩІынальэхэм зэпІэзэрыту зегъэужьын» илъэс жылагъуэ саугъэт» зэпеуэм теухуауэ щрагъаджэ семинар. Абы хэтащ бизнесмен 80-м щигъу, республикэм и властым и Іэнатіэхэм, апхуэдэу еджапІэ нэхъыщхьэхэмрэ щІэныгъэ Іуэхущ Іапіэхэмрэ я лІыкІуэхэр.

УФ-м Экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм и жьауэм щІэту зэпеуэр ирагъэкІуэкІ, «Урысейм и ХъумапІэ банк» ОАО-р абы и къызэгъэпэщакІуэхэм ящыщ зыщ. Мы зэхьэзэхуэр тещІыхьащ щыналъэ индустриальнэ парк эмрэ апхуэдэ инвестицэ щыпІэхэмрэ зегъэужьыныкІэ программэхэм тету, экономикэм и Іэнатіэ нэхъыщхьэм папщІэ инвестицэ проект нэхъыфІхэр пасэу гъэбелджылыным, кьыхэхьыным, щыналъэхэмрэ уней инвесторэмрэ ахэр гъэзэщІэным тегъэгушхуэным.

КьищынэмыщІауэ, ар теухуащ къэралыр я щІэгъэкъуэну яГъэзэщІэфыну проектхэм мылъку нэхъыбэ хуэзэщІэгъэуІуэным эмкІи пІэхэр кьыхуэгъуэтыным.

Семинаром и къызэгъэпэщакІуэхэм къызэхуэсахэр хагъэгъуэзащ къэралым диІыгъ инвестицэ проектхэр щагъэзащІэкІэ зэрызэдзэпэныкъу, мылъкур зэрыхухах щыкІэм, зэпеуэм и тхьилъэр (заявкэхэр) зэрыІах, абыхэм зэрыхэпльэ хабзэхэм, проектхэр щагъэзащІэкІэ зытет щапхъэхэр зыхуэдэм. Апхуэдэу, зэпеуэм хэтын папщІэ зыхуеину тхьилъэр зэрыгъэхъэзырыпхъэм теухуауэ чэнджэщ пыухыкІахэр иратащ.

Мы Іуэхугъуэм хьихьэу, зэпеуэм хэтхэм я проектхэр игъэзэщІэн мурадкІэ, щІыхьэ зэрит и Іэмалыщ Іэхэр ХъумапІэ банкым игъэлъэгъуащ.

«Урысейм и Хъумапіэ банк» ОАО-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и пресс-Іуэхущ Іапіэ.

Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм пэщІэтыным теухуауэ пІащІэгъуэкІэ щІыхьэхэр здэпсалъэ хъун телефонхэр: **8(8662) 40-89-70, 40-34-32.**

● Щапхъэ

Адыгэ къафэм и лІыхъусэжь

«Балет» журналым «Къафэм и псэ» саугъэтыр зыхуигъэфэщахэм щратыж пшыхь мэлыжьыхь мазэм и пэщІэдзэм екІуэкІынущ.

ЩІЫХЬ дамыгъэхэр хуагъэфащэ щяпхабзэм и лэжьакІуэхэу къэралым и хореографие гъуэзджэм зи гуащІэ хэзылъхьахэм. «Лъэпкъ къафэм и лІыхъусэжь» унэтІыныгъэмкІэ дамыгъэ лъапІэр ираты-нущ «Кабардинка» къэрал академическэ къафакІуэ ансамблым и художественнэ унафэщІ Атэбий Игорь.

Іуэхугъуэ дахэм и къызэгъэпэщакІуэхэм Атэбийр ирагъэблагъащ Москва дэт, Станиславскэмрэ Немировича-Данченкэрэ я цІэхэр зезыхьэ Музыкэ театрым щекІуэкІыну зэхьыхьэм. Пшыхьыр ягъэдэхэнущ Театр Иным, Мариинскэ, Михайловскэ театрхэм, Станиславскэмрэ Немировича-Данченкэрэ я цІэхэр зезыхьэ Музыкэ театрым щекІуэкІыну зэхьыхьэм. Пшыхьыр ягъэдэхэнущ Театр Иным, Мариинскэ, Михайловскэ театрхэм, Станиславскэмрэ Немировича-Данченкэрэ я цІэхэр зезыхьэ Музыкэ театрым, Пермь къалэм Чайковскэм и цІэр зэрихьэу оперэмрэ балетымкІэ щыІэ театрым, Саха Республикэм, Астрахань къалэм оперэмрэ балетымкІэ я театрхэм я артистхэм, Москва хореографиемкІэ и академием, урыс балетымкІэ академиеу Вагановэм и цІэр зезыхьэм и гъэсэнхэм, «Кабардинка» къафакІуэ ансамблым.

ХЬЭЛЫШХ Аннэ.

Урысейр Осетие Ипщэм дэІэпыкъунущ и инвестицэ программэр игъэзэщІэнымкІэ

Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщ Іым и къуэдзэ Хлопонин Александр гъатхэпэм и 24-м лэжьыгъэ Іэзэкіэ Осетие Ипщэм щыІащ. Республикэм и президент Тибилов Леонид щыхуэзам ахэр тепсэльыхьащ ззэдарэу щытынымрэ ззэдэлажьэнымрэ ятеухуауэ лъэныкъуитІым я унафэщІхэм гъатхэпэм и 18-м Іэ зыщІадза зэгурыІуэныгъэр гъэзэщІэным пыщІа Іэзэкіэм.

Апхуэдэу а махуэм Хлопонин Александрэ Осетие Ипщэм и премьер-министр Кулумбегов Доментийрэ Цхинвал щрагъэкІуэкІащ лъэныкъуитІым я социально-экономикэ ззэдэлажьэныгъэмкІэ правительствэхэм ззэщІыгъуу къызэрагъэпэща комиссэм и зи чэзу зэІущІэр. Абы хэтащ УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и Іэзэкіэмкіэ и министр Кузнецов Лев, УФ-м и Президентым СНГ-м хэт къэралхэм, Абхъаз Республикэм, Осетие Ипщэ Республикэм ядэлэжьэнымкІэ и управленэм и унафэщІ Говорун Олег, УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и Іэзэкіэмкіэ и министрым и къуэдзэ Резников Андрей, лъэныкъуитІым властымкІэ я органхэм я нэгъуэщІ лІыкІуэхэр.

ЗэІущІэм щытепсэльыхьащ Осетие Ипщэ Республикэм 2015 гъэм социально-экономикэ зыужьыныгъэм тригъэкІуэдэн папщІэахъшэкІэ Урысейр зэрыдэІэпыкъунум пыщІа Іэзэкіэм. Хлопонин Александр къыщыпсалъэм къигъэлъэгъуащ, ди экономикэм гугъуехь пыухыкІахэр къызэрылъыкъуэкІам, дунейм щызэтеувэ щытыкІэр зэрызэІумбзым щхьэкІэ къимыгъанэу, Осетие Ипщэм и бюджетым дэІэпыкъунымкІэ къыщта къалэн псори нэгъэсауэ Урысейм зэригъэззэщІэнур. 2015-2017 гъэхэм бюджет Іэнатіэм трагъэкІуэдэн папщІэ сом меларди 3,6-рэ, правительствэхэм ззщІыгъуу къызэрагъэпэща комиссэм я епщІыкІуэхэр къыщащтауэ щыта инвестицэ программэр гъэзэщІэным трагъэкІуэдэну сом мелардищ гъэ къэс иратынущ. Я программэм къеГэуэ Осетие Ипщэ Республикэм и экономикэм зэпымыуу зегъэужьынымкІэ икІи абы къыІэрыхьэ хэхъуэр гъэ къэс нэхъыбэ щынымкІэ лэжьыгъэхэр щІэгъэхуэбжьэн хуейуэ.

УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и Іэзэкіэмкіэ и министр Кузнецов Лев къыхигъэщхьэхуКІащ Осетие Ипщэм и инвестицэ программэр хабзэщІэхэм тету зэрауБзыхуар: «Программэм и унэтІныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ экономикэм мылъку къэзылажь и Іэнатіэхэм зегъэужьынымр, хьэрычэт Іэнатіэ мыинымрэ курытымрэ ядэІэпыкъуныр, республикэм езым кьыззригъэпэщыж хэхъуэхэр нэхъыбэ щІынымр. Ди министерствэр правительствэхэм къызэрагъэпэща комиссэм и лэжьыгъэм хэтщ икІи мы щІыналъэм и социальнэ инфраструктурэр кьэгъэщІэрэщІэжьынымр, ищхьэкІэ къыщызгъэлъэгъуэ унэтІныгъэхэр пхыгъэкІынымк я лъэныкъуэкІэ куэд зэфІагъэкІыну я мурадщ».

ЗэІущІэм и кІэуэным къыщыпсалъэм Осетие Ипщэ Республикэм и Президент Тибилов Леонид Урысей Федерацэм и Президентымрэ Урысей Федерацэм и Правительствэмрэ фІыщІэ яхуищІащ республикэм и социальнэ зэпІэзэрытыныгъэмрэ экономикэмрэ зэтегъэуВэжьынымкІэ дэІэпыкъуэгъуэхуэ зэрыхъум папщІэ. Абы къыхигъэщащ Урысейм и Федерацэм и Правительствэмрэ фІыщІэ яхуищІащ республикэм и социальнэ зэпІэзэрытыныгъэмрэ экономикэмрэ зэтегъэуВэжьынымкІэ дэІэпыкъуэгъуэхуэ зэрыхъум папщІэ. Абы къыхигъащІащ Урысейм и Федерацэм и Правительствэмрэ фІыщІэ яхуищІащ республикэм и социальнэ зэпІэзэрытыныгъэмрэ экономикэмрэ зэтегъэуВэжьынымкІэ дэІэпыкъуэгъуэхуэ зэрыхъум папщІэ. Абы къыхигъэщ

● ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 70 щрикъум ирихьэлIэу

Дзэзешэ интеллигент: Малиновский Родион

Малиновский Родион Хэку зауэшхуэр зэриучыну щIыкIэр зи Iэмыщ1э илъа дзэзешэ пашэ зыбжанэм ящыщ. Совет Союзым и Лы-хъужь щIэр тIэунейрэ зыхуагъэфэща, а фIэщыгъэ дыдэмкIэ Югославие къэралым игъэлъэпIа Маршалыр зауэ нэужым СССР-м зыхъумажыныгъэмкIэ и министру илъэсищIкIэ лэжьащ. Абы и щIэм ирапх Совет Армэм и къару илъыгъуэр, нагъуэщIу жыпIэмэ, СССР-р дуней псор зыфIэлIыкI Хэку хъуэуэ зэрыщытар. Езым хуэдэ дзэзешэхэм Малиновскэр къащхьащыкIырт и сэлэтхэм зэращыхъымкIэ, щIыху гъащIэр дзэм и мурадым нэхърэ нэхъ лъапIэу къыздэридыгъэмкIэ.

ЩЫГЪУАЗЭХЭМ иЗэрыжаIэмкIэ, Хэку зауэшхуэм и кIыхьагькIэ апхуэдизэ хамэ къэралым пхыкIа Совет дзэзешэхэм Малиновскэм и закъуэт бзэ зыбжанэ - нэмыцэбзэ, франджыбзэ, испаныбзэ - зыщIэу яхэтар. ЩIэныгъэ зиЕр щэнхабзэм и щIасэщ: Ларошфуко, Паскаль, Монтень сымэ хуэдэ франджы гупсысакIуэхэр зи чэнджэщэгъуэ Маршалым и хьэлми и IэбжкIэми хэпIъагъуэкIырт ар: унагъуэ узынщэ къыщымыхъуами, езым хуэдэр къызыфIэIуэху щIыху гъэсауэ щIахутум кIынэжащ.

Адэ зыщхьэщымиту дунейм къытехьа щIалэ щIыкIэр илъэс 11 щIыкIи и анэри фIэкIуэда пэлъытэт: унагъуэщIэ ихьа бзыльхъугъэм и щхьэгъуэзм щIалэ щIыкIэр зришэлIэн идакъым. Родион япэщIыкIэ и анэ шыпхъу, иужькIэ - и анэ дэлъхум яПащ. Бейхэм яхуэIуэхутхьбзащIэурэ зи щIакхъуэ Iыхьэ къэзылажь щIалэр махуэ гуэрым лэжьапIэншэу къыщынэм, абы и нэр тохуэ Япэ дунейпсо зауэм джI сэлэтхэр зэрыпIыхьэ мафIэгъум. АфIэжIа хэмылъу, нэхъыщхьэхэм и ныбжьыр нэхъыбэу яжриIэри, Родион дзэм яфIыхьыхьащ. Франджым щызауэ дзэ зэгухьэныгъэм хэту ар къэралым гъэр щыхъури илъэс зыбжанжIа къэмыкIуэжьыфу къэтащ. И япэ щхьэгъуэзэр франджымкIэ егъэджакIуэу зэрыщытар дыщIыбгъужмэ, а къэралым зэрыщыIам и фIыгъэ къыщIэкынщ Совет Союзым франджыбзэкIэ псалъэ Маршал зэрыгъуэтар. АуэЕтIуанэр дунейпсо зауэр Малиновскэм испаныбзэкIэ къыщIидзащ. 1939 гъэм Испаниием зауэ къыщыщыхьейм, ар Сталиным и унафэкIэ Франко Франсискэ пэщIэт дзэхэм ядэIэпыкъуну ягъэкIуауэ щытащ, «Малино» унэцIэр и псевдониму.

1941 гъэм Малиновскэр сэлэт 35000-рэ зыхэт зауэIэ корпус и IэмышIэм илъу Днепропетровск деж щызауэрт. ХэщIыныгъэр и куэду, Адэ ПЛыжьыр увыIэгъуэ имыIэу къинхIуэтырт. КIуэрыкIуэм тету, Малиновскэм унафэ къыIэрохьэ и корпусыр зыхьыхьэ 6-нэ Армэм и унафэщI зэрыхъуамкIэ. Мазэ псокIэ нэмыцIэдзэр Днепр къызэпримыгъэкIыу зэтезыIыгъэфа дзэзешэм далъэгъуа зауэлI Iэзагъым ипкъ иткIэ, абы куэд дэмыкIыу Ипщэ фронтым и унафэр къыIэщIалъхьэ. Сыт хуэдизу хахуэу мызауэхэми, а зэманым Совет Армэр иджыри къарунщIт. Нэхъеижу Iуэхур ильахъэрт Сталиным и унафэ зимычэзухэм. Апхуэдэ щапхъэхэм ящщ 1942 гъэм Малиновскэм и унафэ щIэт совет сэлэт мэжащIалIэхэу, зи лъэ зыхуэзблэмыхьыжхэу IэщIэрэ щыгъынкIэ зыхуей хуэмызахэм Ростов къалэр ятынкIэ Iэмал имыIэу Сталиным иукъуэдияуэ зэрыщытар. Малиновскэм УнафэщI Нэхъыщхьэм гуригъэIуэну хэтащ къыхуагъэувар игъэзэщIэн пащIэ, дзIэпэкъуэуI и имыIэу зэрымыхъунур. А сыхьэтым зи бжыгъэр фIыуэ хэщIа сэлэтхэр къебгъэлынщ нэхъ захуагъэт, ахэр ейм зэщIэуэзэдам «Iурыбдзэныем» нэхърэ. «Хьэгъапхъэныр къэвгъанэ! - Iэпиудащ ар Сталиным. - Фи къарум зривгъэкIу! Мэзкуу дежщ теуэр щекIуэкIынур»! (Сэлэтхэм абдеж нэхъ дыщыхуэныкъуэщ, жыхуиIэу). АрщхьэкIэ, махуитху дэкIри Малиновскэр зыщышынар къэхъуащ: Ростов къалэри Новочеркасскри бийм Iэрыхьащ. И штабым щыщ Ларин Илларион дэщIыгъуу, Ипщэ фронтым и унафэр занщIэу зыIэщIаха Малиновскэр Мэзкуу ираджэ. Сталиным и пащхьэ щихьэн пIалъэр къэмыу, абыхэм хъыбар къаIэрохьэ «ИкIуэтыпIэ диIэкъым!» унафэр къызэрыдэжIам теухуауэ, езыхэм я гугъу щащI «Ипщэ фронтым и сэлэтхэм я напэр зытрахыжащ» псалъэухари хэту. Малиновскэм ипхъу Наталье зэрыжиIэжымкIэ, укI тезырым пэпльэу щIэс генералитIыр ещанэ жэщым «ДокIуэдри - докIуэд!» жаIэри, зэрегъэфахэщ, арщхьэкIэ нэху мыщу хъыбар къраГъэщIащ пщдджыжьым сыхьэтиблым унафэщIым и пащхьэм зэриихьэнымкIэ. Сыт ящIэнт? Щхьэж и пэш щIыхьэжащ зэIуIэм зыхуиГъэхьэзырыну. Пщэдджыжьым Малиновскэр и гъуэм и бжэм теуIуэну щыбгъэдыхьэм, Лариным зэрызиукIыжар къыжраIащ. Ар, дауи, Сталиным деж нэсакIэт. «Уэ сыт зыщIымыукIыжар?» - къеупщIащ Малиновскэм Сталиныр, къызэрыГупльэу. Малиновскэм зэпIэзэрыту жэуал щритым, «Трибуналым и унафэр пщэдей къыпIэрыхьэнщ», - къыжриIащ. И бынхэм къызэраГъэтэжьмкIэ, Малиновскэр къезыгъэлар Сталиным телефонкIэ зыщыпищам дригъэжIэжIа псалъэмакъыр ирагъэтхауэ къызэрырат. Абы и фIыгъэжI, псэзэпылъхьэпIэм Iут генералыр, ирагъэкIуэтэх щIыкIэу, Сталинград зыхъума 66-нэ Армэм и унафэщI ящIауэ щытащ.

ЩIэджыкIакIуэм гу лъитамэ, Хэку зауэшхуэм и дзэзешэ зи гъащIэ гъэгуор къэдгъэлъагъуэхэм я блэкIар зы жыпхъэм ит хуэдэу мэхъу: сабиигъуэ гугъу, Япэ дунейпсо зауэм щекIуэкIа щIалэгъуэ, балигъ зыщIа Хэку зауэшхуэ. Дауи, дэтхэнэ зыми и гъащIэм а псалъэ къызэрыгъэжIхэр мыхьэнэ щхьэхуэ иIэжщ зэрыхэувэр. Иджыри сыт ямылейуэ Малиновскэр адрей дзэзешэхэм къахэзыгъэщыр жыпIэмэ, ар Сталиным пэгъунэгъуэ зэрыщымытам и фIыгъэкIэ, Хрущёвым и пэмI къыщыхъуэу, зауэ пэуэгъэ» орденым экъэзылэжьыфа Малиновскэр уэ Iейм иубыдри, 1967 гъэм дуней екъыжащ.

Сталинград зауэзэрылIыр екIуэжIыу совет фронтым екIуэлIат Би-Би-Си Iуэхущ1апIэм и журналистхэр. Абыхэм яз, Инджылызым щыщ црых тхакIуэ Верт Александр «Урысейр 1941-1945 гъэхэм» и тхылъым къыщигъэлъэгъуэжащ Малиновский Родион езым къызэрыщыхъуэу щытар. Верт зэрыжиIэмкIэ, генерал-лейтенант щIалэр жъы зыщIэт зауэлI щыпкъэт, и IэщIагъэм зэрыхуэIэкIуэлъакIуэрэ Iуэхум зэрыхишIыкIри нэрылъагъуэ. А зэманым Малиновскэр зи унафэщI 2-нэ гвардиеращ къызыхуихуар Гитлер и дзэзешэ нэхъ лъэрызехьэ дыдэ Манштейн и Армэр кьапхъэным ириубыдэну.

Малиновскэм и Iэзагъыр бийм зэрытекIуэфым нэхърэ нэхъ наIуэу къиГъэльагъуэрэ абы сыт щыгъуи зауэлI нэхъыбэ къринГъэльну зэрыхэтым. Гунэсу апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм топсэлъыхь. Малиновскэм и гъащIэ гъуэгур зытхыжа Штейнберг Марк:

«Маршалым и зауэкIэ хьалхэм язт текIуэныгъэр дауэ мыхъуми зыIэригъэхьэу зэрыхэмытыр. Абы псори набдзэгубдзапIъэу зэпилъытырт: хэкIыпIэм я нэхъыбIыр, зэщIыныгъэр зыщIам, мащIэу, фейдэр нэхъыбэу зыIэригъэхьэну хэтт. Псом нэхърэ нэхъыщхьэраци, абы мафIэм зыIуидзэртэжьым, и сэлэтхэм я хьэдэм ирикIуэртэжым ТекIуэныгъэм щыхуэкIуэжIа. Иджыри къыхэгъащIыпхъэщ ар дзэзешэ псоми елъытауэ, егъэлеяуэ сэлэтхэм ящыхъэу зэрыщэуар. Гулъытэ хуэфащэщ Маршалым псэльхьэIэрэ щIыху хэтыкIэрэ ищIэу зэрыщытами. Абы зэи и макъым зриГъэIэтыртэжым, и жьауэм щIэтхэм екъуэныртэжым, башкIи еуэртэжым, кIэрахъуэ ятриубыдэртэжым. Апхуэдэ хьэлкIэ зызыгъэщIэтыуэфын куэд сответ дзэзешэхэм яхэтакъым».

ЧЭРИМ Марианнэ.

● ДифI догъэупщIэ

Пыл Iэуес куэд хуэзфIокI

Кавказ Ищхьэрэм гистологие щIэныгъэмкIэ щыяпэ доктор, биологие щIэныгъэхэм я доктор, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым и профессор Пыл Iэуес зымыщIыху ди республикэм щыпсэу къыщIэкIынкъым. Мэкъумэш щIэныгъэм пыщIа еджагъэшхуэхэм я деж абы щиIэ щIыхьыр инщ, и пщIэрэ лъагэщ. Дауи, а псор езыр-езыру къэкIуа ехъулIэныгъэкъым. А псоми я щIыбагъ къыдэлъщ лэжьыгъэ купщIафIэ, зэфIэкIышхуэ, щIэныгъэ куу.

ПЫЛ Iэуес Дзэлыкъуэ районым хыхьэ Сэрмакъ къуажэм 1945 гъэм гъатхэпэм и 31-м къыщалъхуащ. Жылэм дэт курыт школыр къыщиухам, иджыри илъэс 18 ирикъуатэкъым. И теплъэкIи и ныбжькIи ептынутэм апхуэдизэ илъэси, сыту жыпIэмэ псыгъуэу дзэжэ мыхъумэ, и Iэпкълъэпкъ зэрыубыдауэ, Iэчлъэчу щыттэкъым.

- Колхозхэр а лъэхъэнэм хуабжьу хуэныкъуэт зи къару илъыгъуэ щIалэгъуалэм. Унафэ щхьэхуи къыдагъэкIауэ щытащ курыт школ ящ. Сыту жыпIэмэ псыгъуэу дзэжэ мыхъумэ, и Iэпкълъэпкъ зэрыубыдауэ, Iэчлъэчу щыттэкъым.

- Колхозхэр а лъэхъэнэм хуабжьу хуэныкъуэт зи къару илъыгъуэ щIалэгъуалэм. Унафэ щхьэхуи къыдагъэкIауэ щытащ курыт школ ящ. Сыту жыпIэмэ псыгъуэу дзэжэ мыхъумэ, и Iэпкълъэпкъ зэрыубыдауэ, Iэчлъэчу щыттэкъым.

1962 гъэм школыр къэзыухахэм я нэхъыбэр дзэм ираджэурэ колхозым хашыжащ. Дзэ къулыкъум мыкIуахэми, щхьэусыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр къагъэтурэ, илъэс ныкъуи мылажьэу зэбгрыкIыжащ. Iэуес и закъуэщ къэрал унафэм емыбакъуэу зи кьалэныр зыгъэззэщар. А илъэсри Пылым сэбэпыншэу игъэкIуакъым. Зыхуеджэну Iэщ1агъэм екъэлIа тхылъхэри къилъыхъэрт икIи щIиджыкIырт абы. Iэщ1хэм сымаджэ къахэкIмэ, якIэлъыплъырт, узыфэр къызыхэкIар, ар зэрекIуэкIыр, зэрагъэхъуж щIыкIэр зригъащIэрт, езыр-езыру щIэныгъэ зригъэгъуэту.

Илъэсыр купщIафIэу ирихьэкIа нэужь, школыр къызэрихам щыгъэхьэт техъуэу, иIэ тхылъхэр зэщIикъуэри, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым ихьащ Пыл Iэуес икIи мэкъумэш факультетым Iэщ дохутырэр щагъэхьэзыр и куэдамэм иритащ. Къэрал экзаменхэр фIы дыдэу зэфIигъэкIри щIэтIысэрхьащ. Илъэситхур махуи 5-м хуэдэу къызэринэкIащ щIалэ жаным. 1968 гъэм Пылым университетыр фIы дыдэу къиухащ.

Ди республикэм а зэманым щымащIэт щIэныгъэ нэхъыщхьэ зиIэхэр, школхэм яхуирикъуртэкъым егъэджакIуэхэр. Апхуэдэу Хъущтэ-Сырт къуажэм дэт курыт школым биологиемкIэ егъэджакIуэ яIэтэкъыми, Iэщ1агъэлI къыхуагъэкIуэну зэрыт лъэIу тхылъ университетым къагъэхьат. Абыкlэ Iэуес зыхуагъэзащ, «зы илъэс закъуэ нэхъ мыхъуми», жаIэ. Мо цIыху зэпIэзэрыртыр, гъэсар куэдрэ гупсысакъым, икIи а лъэIум тету ар илъэскIэ къуажэм щыIащ, ныбжьыщIэхэм биологиер яригъэджу.

Егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэм школым щыхэзэгъами, ехьулIэныгъэ гуэркэр я Iэнатlэм щыгъэригъэхьами, илъэсыр зэрыдгъэкIыу университетым игъэзэжащ Пылым, аспирантурэм щIэтIысхьэну и мурад. Къэралыр зыхуэныкъуэ Iэщ1агъэлIэр яубыхуати, а щIыкIэм тету ди университетым къэкIуащ гистологие, цитологие, эмбриологие Iэщ1агъэхэм хуегъэджакIэхэр къыхэхыным тещIыхьа лъэIу тхылъ. Абыхэм ящыщу гистологием епха унэтIныгъэр Пылым хуагъэфащэри аспирантурэм щIэтIысхьащ. КъищынэмыщIауэ, биологиер студентхэм нэхъ куууэ яригъэджыну университетым сыхьэтих тхьэмахуэ къэс хухахащ. Жэуапплиныгъэ зыпылъ а IуэхугъуэитIри ехьулIэныгъэ хэлъу эздрихьэкIащ Iэуес. 1974 гъэм ирихьэлIэу абы игъэхьэзыращ Iэщым и морфологием, лыых узым, патологием ятеухуэу и кандидат диссертацIр. ЕхъулIэныгъэ иIэу ар щIыпхигъэкIащ Осетие Ищхьэрэм щыIэ мэкъумэш институтым.

ЩIэныгъэхэм я кандидат хъуа нэужьи Iэуес адэкIи пищащ и къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм. Илъэс 29-рэ тригъэкIуэдащ доктор диссертацэм. Дауи, языныкъуэхэм я гугъэнщ а Iуэхур абы Iэпэдзгъэлэл ищIурэ ирихьэкIауэ - ар щыуагъэщ. Пылыр хущIэкъуащ лэжьыгъэм епхауэ зы мэскъали гулъытэншэу къызэрымыгъэнэным, къызэрипщытэным, зэрызэпкърихыным. А лэжьыгъэ купщIафIэри ехьулIэныгъэкIэ пхигъэкIащ щIэныгъэлIым. КъыжыIапхъэщ абы хуэфащэ пщIэи зэригъуэтар.

И Iуэху еплъыкIэхэр утыку къыщрилъхьэ къэралпсо, дунейпсо щIэныгъэ зэхуэсхэм. Абы куэдрэ ирихьэблагъэ Пыл Iуес. Апхуэдэу ар хэтащ Анатомхэм, гистологхэм, эмбриологхэм я зэгухьэныгъэм и 5-нэ дунейпсо конгрессым. А Iуэхугъуэхэм тещIыхьауэ Бухара щекIуэкIа щIэныгъэ симпозиумми хэтащ икIи къыщыпсэлъащ Пылыр. Саратов къалэм 2013 гъэм щызэхэта зэIущIэ иным Пылым и щIэныгъэ лэжьыгъэхэм зэщIауэ щытепсэлъыхьащ икIи Iэщ1 гъэхуэныгъэхэр зэрыщыIам и къыдыхэщ.

Iэуес и щIэныгъэ лэжьыгъэхэр зыхуэзунэтIар, къыщыбгъэсэбэп хъунур Iэщ1ыхьуэхэм я деж и закъуэкъым, атIэ джэдкъаз узынщэ къэгъэхъуным ехьэлIаэхэри иIэщ. Абы и кьалэмыпэм къыщIэкIащ щIэныгъэ лэжьыгъэу 170-м нэс. Ахэр журналхэм традзащ, тхылъ щхьэхуэхэуи дунейм кьытехьащ. А лэжьыгъэхэр щадж Урысей Федерацэм мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ щыIэ еджапIэ нэхъыщхьэ псоми. Апхуэдэ дыдэуи хамэ хэфахэм щыIэ еджапIэ нэхъыщхьэхэми Iэуес и щIэныгъэ лэжьыгъэр щызэпкърах, тегъэщIапIэ ящI.

Биологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор Пыл Iуес мэкъумэш Iэнатlэхэм щылажьэхэм папщIэ мо-ногрупиеу тIу къыдигъэкIащ, дэтхэнэри напэкIуэцIи 150-рэ, 200 хъуэ. ЕтIуанэ монографиер абы фэеплъ хуищIащ Сэрмакъ къуажэ школым егъэджакIуэу, гъэсакIуэу илъэс 55-кIэ щылэжьа и адэ Хъусен Ламызэ и къуэм.

Ди еджагъэшхуэм и лэжьыгъэр гупльытэнщэ ищIакъым къэралми, УФ-м, КъБР-м щIэныгъэ нэхъыщхьэ щыхь зиIэ я лэжьакIуэщ Пылыр. Абы хуагъэфэщащ «Лэжьыгъэм и ветеран» дамыгъэри. Адыгэ лъэпкъым и цIыху пажэхэм ящыщ Пыл Iуес и цIэр пщIэ хуащIу иратхащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм къыдигъэкIа Лъэпкъ ЩIэнгъуаэзэм.

ХЬЭМТУ Къадир.

Профессор Пылыр студентхэм ядолажьэ.

Гу къабзэ, псэ хьэлэл

Илъэс 40-м щIигъуащ сэ Пыл Iуес зэрысщIыхьри, ноби хуэдэщ ящу сыщыIущIар, сыщригъэджар, сыдэлажьэу щыщIэздзар. Иджы мис илъэс 70 хъуреи ныбжьыр иIэу долъагъури, дыщогуфIыкI икIи дроин апхуэдэ цIыхум. СэркIи насыпышхуэу собж Iэуес и гъащIэ гъуэгуанэм сызэрыхэхар, сыхэхуа къудей мыхъуу, сыдэлажьэну къызэрысхуар.

IэУЕС фIыуэ соцIыху, сыщыгъуазэщ и гъащIэм, школым зэрыщеджа нэгъуэщ хэту. Абы къыдеджахэм къаIуэтэжа куэд си гум къинащ. ЗэрыжаIэжамкIэ, зы дерсым къриубыдэу «5»-уэ тIу къыщихь къыхуихуэу фIы дыдэу еджащ ар. А зэманым цIэрыIуэу щытащ «Артек» пионер лагерыр. Абы ягъакIуэр гъэджэгъуэр фIы дыдэу къыззэзыгъэкIхэрт. Саугъэт къаIапIэ папщIэт еджакIуэ цIыкIухэмкIэ «Артек» уагъэкIуэныр. Мис а саугъэтэр къыхуагъэфэщащэ щытащ Iуес икIи а къэралпсо лагерым мазэкIэ зыщIигъэпсэхуащ.

И цIыху хэтыкIэкIи лэжьэкIэкIи Iуес цIыху тыншщ. ЩIэтыншщ сыт? Губзыгъэщи, акъыл куу бгъэдэлъщи. Iуэху гуэр къыIыыкъуэкIа нэужьи, мыгупсысауи зыри ирихьэжьэнкъым. Ди Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетыр академиеу щыщытам щыгъуэ, абы морфологиемрэ физиологиемкIэ и кафедрэм ильэс 10-м щытыр. Абы псори набдзэгубдзапIъэу зэпилъытырт: хэкIыпIэм я нэхъыбIыр, зэщIыныгъэр зыщIам, мащIэу, фейдэр нэхъыбэу зыIэригъэхьэну хэтт. Псом нэхърэ нэхъыщхьэраци, абы мафIэм зыIуидзэртэжьым, и сэлэтхэм я хьэдэм ирикIуэртэжым ТекIуэныгъэм щыхуэкIуэжIа. Иджыри къыхэгъащIыпхъэщ ар дзэзешэ псоми елъытауэ, егъэлеяуэ сэлэтхэм ящыхъэу зэрыщэуар. Гулъытэ хуэфащэщ Маршалым псэльхьэIэрэ щIыху хэтыкIэрэ ищIэу зэрыщытами. Абы зэи и макъым зриГъэIэтыртэжым, и жьауэм щIэтхэм екъуэныртэжым, башкIи еуэртэжым, кIэрахъуэ ятриубыдэртэжым. Апхуэдэ хьэлкIэ зызыгъэщIэтыуэфын куэд сответ дзэзешэхэм яхэтакъым».

ЧЭРИМ Марианнэ.

Хэкупсэ нэс

Ди республикэм и мэкъумэш лэжьыгъэм пыщIа дэтхэнэми фIыуэ ецIыху Пыл Iуес. Ар ущIэгушхуэ хуэн цIыхушхуэщ. Апхуэдэу щIыжьсIэми щхьэусыгъуэ иIэщ. Къапщтэмэ, гистологие щIэныгъэм еджагъэшхуэ куэд яужь иохьэ, икIи иолэжь, ауэ ар кууу иджыну зыхуэзэфIэкIыр мащIэщ. Ар къызэхъулIахэм ящыщщ Пылыр.

ИЛЪЭС 30-м нэблагъэ тригъэкIуэдащ абы а лэжьыгъэхэм. Абы и щIыхьэтщ Iуес и щIэныгъэ-къэхутэныгъэхэр. Къэралым Iэщ гъэхъуным щиIэ ехьулIэныгъэхэр щыгъэбэгъуэным, кIэрыхур нэхъ мащIэ хъуным ехьлIауэ а щIэныгъэ лэжьыгъэмкIэ еджагъэшхуэм игъэлъэгъуэ зэрыкIыхьэщ зэрыдзищ. Пылым и закъуэщ Кавказ Ищхьэрэм исыр абыкIэ доктор хъуауэ. А зы профессорыщ ди щIыналъэм апхуэдэу щыIэр. Ар ехьулIэныгъэ ин дыдэу къыщолытэ.

Кудрэ хьысхуохуэ лэжьыгъэ Iэзэкъуэ щхьэжьэм сыщыкIуэ, Iэщ1ыхъуэхэм сащыхуэзэ. Апхуэдэхэм деж Iуес зыгуэр къыщIэмыупщIауэ, ифI зэхъэшамгъэхауэ сыкъекIуэлIэжауэ сщIэжыркъым. ЦIыху тельыджэщ икIи гуапэщ. Я нэхъ Iуэху куу илэжьу здэщысым, «сыпхуейт» жиIэу, ар ирещIалъэ, иренэхъыжьыIуэ, сыкьБгъэдыхьаIарэ игъэщIэхьуауэ сщIэркъым. Лэжьыгъэгу иIэр лъэныкъуэкIэ ирегъэтIылъэкIри, ныбжьэгубдзапIъэу йопсэлъэлIэ, зытекIухьаХэмкIэ игъуэта жэуапхэмкIи ар арэзыуэ ирегъэжьэж.

Иджыри дыщригъаджэм гу лъыстащ Пылым бгъэдэлъ Iуэху зехьэкIэ екIуэм. ЕгъэджакIуэ Iэзэм студентхэм бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ къытхуигъуэту, методикэ зэхуэмыдэхэмкIэ къыддэлажьэну апхуэдэт. И гумызагъэгъэм, щIыху хэтыкIэ дахэм егъэджакIуэ Iэкlуэлъэкlуэм пщIэрэ щIыхьэрэ къыхуахьащ. Iуес студентхэм псэ хьэлэлу ядолажьэ къудей мыхъуу, абыхэм ящыщ куэд щIэныгъэ-къэхутэныгъэм дригъэхьэщащ. Абы и нэIэм щIэту щIыху зыбжанэм ягъэхьэзыращ щIэныгъэ диссертацэ зэмылIэужьыгъэхэр, ехьулIэныгъэхэр яIэуи ахэр пхагъэкIащ.

Еджагъэшхуэу зэрыщытым къыдэкIуэу, Iуэес икIи гъэсакIуэ Iэкlуэлъакlуэщ, хэкупсэ нэсщ. Абы щIалэгуалэм я гупсысэм хепщэ пльэпкъ зэщIыкIыр, адыгэ хабзэр, нэмысыр.

Си егъэджакIуэу щыта, си лажьэгъу икIи ныбжьэгъу Пыл Iуес и ныбжьыр илъэс блыщ ирикъуащи, сохъуэхъу узынщэу, и щIэныгъэ кьалэмыр мыубзэщхьуу, и Iуэхуэр ефIакIуэу куэдрэ псэуну.

ІЭЛАБЭ Артур,
биологие щIэныгъэхэм я кандидат. КъБКъМУ-м и доцент.

И къуэрылъхуэр и гъусэу.

● Кавказ Ищхьэрэм гистологие щIэныгъэмкIэ щыяпэ доктор, биологие щIэныгъэхэм я доктор, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым и профессор Пыл Iуес зымыщIыху ди республикэм щыпсэу къыщIэкIынкъым. Мэкъумэш щIэныгъэм пыщIа еджагъэшхуэхэм я деж абы щиIэ щIыхьыр инщ, и пщIэрэ лъагэщ. Дауи, а псор езыр-езыру къэкIуа ехьулIэныгъэкъым. А псоми я щIыбагъ къыдэлъщ лэжьыгъэ купщIафIэ, зэфIэкIышхуэ, щIэныгъэ куу.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

Іуэхутхьэбзэхэм я уасэхэр зымытхэм тралъхьэ къуэдым хуэдитІкІэ хагъэхъуэну къыхалъхьэ

● Жэрдэм

Коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэр зымытхэм тралъхьэ къуэдым хуэдитІкІэ хагъэхъуэну еукъуэдий Урысей Федерацэм Ухуэныгъэмкіэ и министерствэм. Абы мы гъэм щІадзэнкІэ хъунущ.

ЕТІУАНЭ еджэгъуэм ирихьэлІэу зыхуеину зэхъуэкІыныгъэхэр халъхьауэ законопроектыр хьэзырыр. Ар Правительствэм Къэрал Думэм иритыжакІэщ.

Урысей Федерацэм и Псэупіэ кодексым и 155-нэ статьям зэхъуэкІыныгъэ халъхьэну я мурадщ. Ар пхыкІмэ, Іуэхутхьэбзэхэм я уасэр зымытам иджыри къэс илъэсым тещІыхьауэ проценти 8,25-рэ къуэдыуэ ирагъэпшыну щытамэ, адэкІэ процент 17,7-м нэсынущ. Аэр къабжынущ щыщІрагъэгъуам и махуэ 91-м щыщІэдзауэ.

- Апхуэдэ къуэдыхэр зытралъхьэнур щІыху щхьэхуэхэм я закъуэкъым. Ар япшыныгущ коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэм я уасэр зымыт ІэнатІэхэми, - жиІэ Правительствэм и сэбэныгагъэр пхызыгъэкІ Чибис Андрей. - Сэ къызэлъытэ, къуэдыхэр банк кредитым пэкІуэм хуэгъэкІуапхъэ.

Къэрал Думэм ЖКХ-мкІэ и комитетым и унафэщІ Хованская Галинэ щыхьэт техъуащ зэхъуэкІныгъэхэр зыхалъхьа законопроектыр къаззрыІэрыхьам. Абы зэрыжиІамкІэ, тхьэмахуэ дзыхуэзкІуэм Іуэхум хэпльэнущ. Законыр гъатхэ сессием кьриубыдзу къащтэну хуагъэфащэ.

- Ухуэныгъэмкіэ министерствэмрэ депутатхэмрэ мы Іуэхугъуэм теухуауэ зэІуищІэ зыбжанэ ирагъэкІуэкІащ, - жиІащ Хованская Галинэ. - Къыхалъхьат Іуэхутхьэбзэхэм я уасэр щатынум щыфІагъэкІа япэ махуэм щыщІэдзауэ къуэдыр ятелъхьэн хуейуэ. Арщхьэкіэ махуэ 91-м нэс дгъэІэпхъуэну тхуэзфІэкІащ. Апхуэдэ щІыкІэкІэ къыззрыгуэкІ щІыхуэр щытхъумащ лъабжьэ имыІэу ахъшэ лей ирагъэтыным. Щхьэусыгуэр гуэрхэмкІэ ар яхуэзфІэмыкІамэ, занщІэу уащІетхьэкъун щыІэкъым. Хэти сымаджэщым щІалъауэ, хэти командировкэ щыІауэ, хэти ахъшэр хуэзэмыгъэпэщащэ щытыфынущ.

Экспертхэм къыззралъытэмкІэ, къуэдыр дяпэкІэ зэрытралъхьэну щІыкІэм зыкъом зэхицІэззрыхьыфынущ.

- Щ1ыхуэр къьбжыкІэщІэхэм есэхукІэ хуагъэува уасэхэмкІэ мыарззыуэ зэдзэуэхэр куэдынущ, - къелъытэ «Деловой фарватер» компанием и адвокат Литвиненкэ Сергей. - Аэр хэзэрыхьынущ къуэдыр къызэрытралъхьэ щІыкІэр зэрызэщхьэщыкІым. Арацш, судкІэ зэдзэуэнухэм хэпщІыкІыу хэхъуэнущ. Абы щыгъуэми, къуэдыхэм зэрыхагъахъуэм щІыхуэхэм уасэр и чэзум зэратын хуейр нэхъ зыхрагъэщІэнущ.

Іуэхутхьэбзэхэм я уасэр и чэзум тыныр ди къэралым щыгугъуехьышхуэщ. Аэхр зэтрезыгъэхьэр е зымыпшыныжыфхэр куэдыкІейщ. Хабзэгъэувхэмрэ къулыкъущІэхэмрэ къалъытэ къуэдым хагъахъуэмэ, ахъшэр нэхъ къыхахыфыну. Арщхьэкіэ иджыпсту къэралыр къызэрыхута кризис куумрэ щІыхуэхэм ипэжыпІэкІэ я хэхъуэр хэпщІыкІыу зэрыхэщІамрэ хэплъытэмэ, ЖКХ-м и Іуэхутхьэбзэхэм я уасэр зэрамытам папщІэ къуэдыхэм хуэдитІкІэ хэгъэхъуэныр и чэзууэ къыхалъхьауэ пхужыІэнукъым. Апхуэдэ зэхъуэкІныгъэхэр щыпхагъэкІыр экономикэм зыщижьащ, атІэ щыкІуэцІрыхуракъым.

ИСАКОВЭ Аннэ.
«Аргументы и факты»

● Іуэху еплъыкІэ

Ягъэкъуаншэхэм зыукІаи езыгъэукІаи яхэткъым

Мэзкуу и Кремлым пэмыжыжьэу мазаем и кІэухым щаукІа Немцов Борис и унагъуэм и адвокат Прохоров Вадим къызэрилъытэмкІэ, а Іуэхугъуэм теухуауэ яубыдахэмрэ къалъыхъуэхэмрэ оппозиционер щІэрыІуэр зыІэщІэкІуэдахэр яхэткъым.

«ГУРЫЩХЪУЭ зыхуащІу щІэуэ къыкъуэкІахэм я гугъу пщІымэ, сэ абыхэм яхэслъэгъуакъым щІэпхъаджагъэр къызэзыгъэпэщахэмрэ зыгъэзэщІахэмрэ, - жиІащ Прохоров Вадим, иджыблагъэ журналистхэм щаІуащІам. Абы и псалъэхэм дыщІигъужащ диныр и щхьэусыгъуэу Немцовыр яукІа хуэдэу щІыхуэб хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэм зэбрагъэха хъыбарри пэжу зэрыщымытыр.

«Коммерсантъ»-м кІэзэрихутамкІэ, укІигъэр зэхэзыгъэкІ Урысейм и Следственнэ комитетым и лэжьакІуэхэм ябзыхуащ щІэпхъаджагъэр зезыхьахэм Іэщэ езыта икІи мылъкукІэ зыщІэзыгъэкъуэ Руслик. Абы щыгъуэми Іуэхум иджыри зы щІыхьэт кІыхьыхьэфынущ, ЛІыукІыр иужьрей мазэхэм Мэзкуу зэрыщыІамрэ абы щищІахэмрэ къажриІэфыну.

Фигу къэдгъэкІыжынщи, РПР-ПАРНАС партым и сопредседатель, Ярославль область думэм и депутат Немцов Борис мазаем и 27-м Мэзкуу и курыкупсэм щаукІащ. Махуэ зыбжанэ дэкІри, ар ялэжьауэ хуагъэфащэу яубыдащ Шэшэным щыщ щІыхуитху - Дадаев Заур, Гобашевхэ зэкъуэшхэу Анзоррэ Шадидрэ, Бахаев Хьэмзэт, Эскерханов Тамерлан сымэ.

«Charlie Hebdo» ауанщІ франджы редакцэр щыізэтраукІам ислъам диныр игъэкъуаншэу къызэрыпсэлъам и жэуапу шэшэнхэм Немцовыр яІэщІэкІуэдауэ ялэм тегъэщІапІэ зыщІа следователхэм иужькІэ апхуэдэ Іуэху еплъыкІэр лъэныкъуэ ирагъэзыжащ, лъабжьэ гуэр зэримыІэм къыхэкІыу. «Коммерсантъ»-м къызэрихутамкІэ, Дадаевым ґьатхэпэм и 8-м следователхэм яжриІат укІыгъэр щІышылэм и 7-м щыщІэдзауэ яґьэхъэзыраУэ. А махуэм, ягъэкъуаншэм и псалъэхэм ятепщІыхьмэ, абы къищІащ Мухьэммэд бегъымбарыр ауан зыщІ карикатурэхэр тезыдза «Charlie Hebdo» редакцэр Немцов Борис зэригъэзахуэр Урысейм къыщыдэкІ газетхэмрэ журналхэмрэ хэІущІыІу ящІыну къыхуриджащ. «Сэри, адрей мусльымэнхэри абы дегъэпэлуд икІи апхуэдэ Іуэхур ди гум тедґъэхуэнукъым», - къыхигъэща хуэдэт Дадаевым.

Арщхьэкіэ, ягъэкъуаншэхэм ящыщ зыми ар иціыхуу щытакъым, уеблэмэ я нэхъыбэм дунейм апхуэдэ тету ящІэххакъым. КъищІынэмыщІауэ, я благъэхэмрэ щІыхуэхэмрэ зэрыжаІэмкІэ, яубыдахэр апхуэдизу динщІэкъуакъым я ґьащІэр абы тыхь хуащІыну.

БОБЫЛЁВ Сергей.
«Коммерсантъ»

● Нахуагъэ

Нэхъ къулей дыдэхэм я хэхъуэр къамыгъэлъэгъуэну хуит ящІ

Къэрал мылъку зыхэлъ компаниехэм я унафэщІхэм я хэхъуэр дяпэкІэ къэмыгъэлъэгъуэну хуит ящІащ. Апхуэдэ хъыбар гуаІэ абыхэм правительствэм блищхьэ кІуам яІэригъэхащ.

НЭГЪАБЭ и кІэухым Урысей Федерацэм и Правительствэм къыдигъэкІа унафэм «РЖД», «Роснефть», «Газпром», нэгъуэщІ къэрал компание инхэм я унафэщІхэм яхуигъэуват я хэхъуэм теухуа хъыбар Интернетым къралъхьэну. Арщхьэкіэ, икІэм-икІэжьым, Правительствэм къыщалъытащ а Іуэхугъуэм коммерцэ щэхур икъутэу.

Псом нэхъ нэхъ жьыджэру хэхъуэр къэгъэлэгъуэным и бийуэ къэуващ «РЖД»-м и Іэтащхьэ Якунин Владимир. Абы жиІэрт я хэхъуэр хэІущІыІу щыІам езымрэ и унагъуэм щІэхэмрэ я шынагъуэншагъэр къызэпиуду. Якуниным быдзу ЖКИГЪУЭВАЩ Правительствэм дыгъэгъазэм къыдигъэкІа унафэр игъэзэщІэну къыпаубыдмэ, и къулыкъум текІыну. Абы акъылгэсу къыдэхъуащ адрей компаниехэм я унафэщІхэри. Арати, гъэзэщІакІэу властыр икІуэтыжын хуей хъуащ икІи, ялэм хуэдэу декларацэхэр Правительствэм иратмэ, щІыхубэр щамыгъэгъуазэми хъунущ къыпытащ.

ГурыІуэгъуэщ къэрал компание инхэм я унафэщІхэм я хэхъуэр илъэс къэс доллар мелуан зыбжанэкІэ къызэрагъэкІыр. Ар, дауи, лэжьакІуэбзм я улахуэм жыжьэуи пэгъунэгъуэкъым икІи щІыхубзм щабзыщІмэ нэхъ къащтэ.

«Интерфакс» хъыбарегъащІэ агентствэ.

● Экономикэ

Автомобиль щаухуэ щІыналъэ щхьэхуэ

Ставрополь крайр, Шэшэн, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэр зыхиубыдэ автомобилхэр щаухуэ экономикэ щІыпІэ щхьэхуэ Кавказ Ищхъэрэм зэрыщаубзыхунум йолажь.

«ЧЕРКЕССК - Аргун - Ставрополь» экономикэ щІыпІэ щхьэхуэ къызэгъэпэщыным теухуа зэгурыІуэныгъэр щІыналъыщми я унафэщІхэм къызэдэтщтащ, - жиІащ Ставрополь крайм и губернатор Владимиров Владимир. - Зэгъусэу дгъэхьэзыра тхыльыр Урысей Федерацэм Экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм едгъэхьащ. Псори ерыщу дызэделэжьмэ, илъэс ныкъуэм кьриубыдэу экономикэ щІыпІэ щхьэхуэр зэтеувэнущ».

Губернаторым кхьихигъэщащ дызыхуэкІуэ илъэситІым кьриубыдэу Ставрополь крайм езым и автомобиль кластерыр къызэрызэригъэпэщынур. Зи гугъу ищІыр Китайм къыщыщІагъэкІ автомобиль псынщІэхэр ди щІыпІэм щызэпкъралъхьэу зэтраухуэнырщ. Ялэ илъэсым автомашинэ мини 100-м нэс къыщІагъэкІыну, адэкІэ я лъэщагъым хуэдитІкІэ хагъэхъуэну я мурадщ. Абы щІыху минитІым щІигъум лэжьапІэ яритынущ.

«Металлоснабжение и сбыт» журнал.

● Нэщэнэхэр

Мазэм и 13-р мэремым зэрытехуэм сыт цІыхухэр щІыщышынэр?

Мы гъэм и мазаеми гъатхэпэми я епщыкІущанэ махуэхэр зэкІэлъхьэужьу мэремым техуащ. Армырами, хъийм икІа цІыхухэр абы нэхъри игъэгужьеящ. Сыт-тІэ мазэм и 13-р мэремым зэрытехуэм ущІэпІейтейину хэлъыр?

МАЗЭМ и 13-р мэремым зэрытехуэр мыфІу лІэщІыгъуэ курытхэм льандэрэ къззылъытэхэр куэду щыІэщ. Абы лъабжьэ хуэхъуауэ я гугъущ тамплиерхэр щІыхухэм къаззребгар.

Тамплиерхэр е Хьисэрэ Соломон Члисэмрэ я Рыцарь Къулейсызхэр - 1119 гъэм къызэрагъэпэща гуп щхьэхуэ (орден) щІыкІыщ. Абыхэм къалэну зыхуагъэувыжат чристэнхэм щыщу Иерусалим тхьэлъэІу кІуэхэм къащхьэщыжьыр, дауи, пщІэ къыпэкІуэу.

XII - XIII лІэщІыгъуэхэм орденым хэтхэм апхуэдэ щІыкІэкІэ мылъкуштуэ зэрагъэпэщащ. Абыхэм яІэщІэлъэт жорзехьэхэм Палестинэм, Сирием, Европэм и къэралхэм щаубыда щІы Іыхьэшхуэхэр.

1307 гъэм и мазэхэм ящыщ зым и 13-нэ мэхуэм франджы пащтыхь Филипп IV зэІыхьа и мылъку Іуэхухэр тамплиерхэм я хьэкъкІэ зэфІигъэувэжыну мурад ищІащ. Ахэр диным епЦІыжауэ игъэІури ирегъубыдащ. Бэлыхь куэд ирагъэшэча иужькІэ рыцархэр псори зэтрауКІащ е зэгъэсащ. ЗэрагъэхъыбарыжьымкІэ, орденым и Іэтащхьэр укІым кьрихьэлІа псоми абы щыгъуэм ебгащ. Абы лъандэрэ илъэс 700-м щІигъу дэкІами, а гыбзэр къатехуэнкІэ шынэхэр иджыри щыІэщ.

Христэн диным 13 бжыгъэр мыугъурлыуэ къелъытэ. КъэхутакІуэхэм я нэхъыбэм ар ирахьэлІэ Хьисэ яукІыну щхэуу щызэхуэсам Иудэ Іэнэм епщыкІущанэу зэрыщысам. ИужькІэ абы зысфІильэжащ. Ар и щхьэусыгъуэу Европэм я фІэщ щыхьуу хуежьащ 13 бжыгъэр мыфІу икІи епщыкІущанэу Іэнэм бгъэдэтІысхьэр мыгувэу лІэну.

Апхуэдэ фІэщхъуныгъэм щІэныгъэ лъабжьэ зыри иІэкъым. Абы щхьэкІэ къэмынэу куэдым яфІэфІ-къым 13 бжыгъэр, псом хуэмыдэу ар мэрем махуэм техуамэ.

ЧЕРНОВ Алексей.
«Комсомольская правда»

Сорос хьэзырщ Украинэм доллар зы мелард иритыну

● Мылъку

Америкэм и Штат Зэгуэтхэм щыпсэу мелардырыбжэ цІэрыІуэ Сорос Джордж иджыблагъэ жиІащ Украинэм и экономикэм доллар мелард хилъхьэну зэрыкъэзырыр. Абы щхьэкІэ КъуэкІыпІэм политикэ щІэгъэкъуэныгъэ къритын хуейуэ араща.

«OPEN Society Foundations» компаниер къызэзыгъэпэща икІи абы и унафэщІ Сорос Джордж еупщІат «Microsoft»-р зыІэщІэлъ Гейтс Билл Африкэм и зыужьыныгъэм доллар мелард зэрыхилъхьан и щапхъэм ирикІуну хьэзырмэ. «Сэ сыхьэзырщ, - жиІащ мелардырыбжэм. - Украинэм и мэкъумэш хозяйствэм доллар мелард хэслъхьэнт. Абы фейдэ кІыпыкІын хуейщ».

Арщхьэкіэ Сорос и псалъэхэм адэкІэ къыпищащ Украинэм и экономикэм халъхьэ щхьэзэкъуэ мылъкухэр США-мрэ Евросоюзымрэ (ЕС) политикэ и лъэныкъуэкІэ зэрыдаІыгъыпхъэр. Аэхр шэсыпІэ ивэн хуейщ Минск щызэращІыІла зэгурыІуэныгъэхэр зэрагъэзэщІэнумрэ зауэ зэпэщІэтыныгъэм адэкІэ зэрызимыужьынумрэ.

Сорос Джордж жиІащ евро мелард 50 хуэдиз дэІэпыкъунырыгъу иратмэ, Украинэм и экономикэм къыпхуэмыцІыхужыну зэрызиужьынур. Ар Евросоюзым хэт къэралыгъуэхэми я фейдэ зыхэлъ Іуэхугъуэщ.

Нэхъапэми Сорос ЕС-р мызэ-мытІэу къыхуриджащ Киев мылъкукІэ зыщІигъэкъуэну. Мы илъэсым и пэщІэдзэм, уеблэмэ абы тхыгъэ къытриригъэдзащ зэщІэгъагъэ Украинэ зэфІэувэныкІэ зыщІигъэкъуэну Европэр тригъэгушхуэу. Абы папщІэ икІэщІыпІэкІэ Киев доллар мелард 15 хухахын хуейт.

«Bloomberg» журналым ирита интервьюм мелардырыбжэм щыжиІащ Германием и канцлер Меркель Ангелэрэ Франджым и президент Олланд Франсуарэ украинэ зэщІихьэныгъэм хэт лъэныкъуитІым язым щхэуу дэІэпыкъунымкІэ Путин Владимир и деж зыщагъэсапхъэу. Абы и псалъэхэм къызэрыхэщымкІэ, Европэм и пашэхэм хэІущІыІу замыщІыщэурэ Украинэм зыщІагъэкъуэн хуейщ. «Зауэ щекІуэкІ лъэхъэнэм Украинэр ахъшэ хэзныкъуэщ. Ар щытыкІэ гугъум къикІыу зэщІэгъагъэ къэралыгъуэ хъуным дуней псом и дежкІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ. Европэм къигъэльэгъуэн хуейщ абы папщІэ лъэкІ къызэримыгъэнэнур», - щІигъэбыдэжащ и гупсысэхэр илъэс 84-р зи ныбжь мелардырыбжэм.

КъызэралъытэмкІэ, Сорос Джордж дуней псом щынэхъ къулей дыдэхэм ящыщ щыІэ. Ґьатхэпэм и 24-м ирихьэлІэу абы и мылъкур доллар мелард 28,7-м нэсу щытащ.

ГОРДЕЕВ Владислав.
«Росбизнесконсалтинг» хъыбарегъащІэ агентств.

Мелардырыбжэ Сорос Джордж и Іуэху дэнэ щІыпІи хелъхьэ.

● Дыхьэшхэнкъым

ЗэрымылІар мазиплІкІэ хупхыгъэкІакъым

Самарэ областым хьхьэ Отраднэ къалэм Іуэху мыщхьэпэ къыщыхъущ. Следственнэ органхэм я щыуагъэкІэ илъэс 45-рэ зи ныбжь Ивановэ Маринэ зэрыпсэуу я лІауэ къалъытащ. ЦІыхубзым хуабжьу зэран къыхуэхъущ и унэцІэр.

НЭГЪАБЭ и щэкІуэгъуэ мазэм Отраднэ и къалэ сымаджэщым ямыцІыху бзылъхугъэр зэрылІар къыщапщытащ. Абы щыгъуэми дунейм ехьжар хэтми ятхащ, абы и цІыхугъэм и псалъэхэм ятещІыхьауэ.

УФМС-м и щІыналъэ хъудамэм следователыр щыщІэупщІэри, къыжраІахэм щІэкІи унэцІэкІи техуэ (ауэ къыщалъхуа гъэр зэщхьэщыкІ) цІыхубз Отраднэ къалэм зэрыщыпсэур къыжраІащ. Следственнэ комитетым и лэжьакІуэм къильытащ Іуэхур адэкІэ зэхимыгъэкІми хьуну икІи хьэдэр щІалъхьну хуит зэращІтхьылъ яритащ.

Езыр «зэрылІар» Ивановэ Маринэ зэрымыщІэкІэ къищІащ. И ныбжьыр илъэс 45-рэ ирикъуати, паспортыр ихъуэжьыну щыкІуам ар хьауэращІакъым, «зэрымыпсэужьым къыхэкІыу».

Къэхъуар и щхьэм дэуеяуэ зыхуэфащэ ІэнатІэхэм абы захуигъэзащ. Арщхьэкіэ псоми къыжраІэр зыт. Щымыхъужьыхэм, къалэм и прокурорым и деж тхащ. Арати, хабзэр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъ ІэнатІэм Іуэхур судым иригъэхьын хуей хъуащ, я пащхьэм къит щІыхубзыр зэрыпсэужьмкІэ унафэ къищтэну. ИужькІэщ гражданкэ Ивановэ Маринэ псэууэ официальнэу къыщалъытар.

Псалъэм къыдэкІуэу къыхэдгъэщынщи, ди къэралым щымащІэкъым унэцІэкІи цІэкІи зэтехуэу псоми я бжыгъэр. Къапщтэмэ, Самарэ областым и закъуэ Ивановэ Маринэу 394-рэ щопсэу. Отраднэм ахэр щынэхъ мащІэщ - 6 къудейщ.

«Волга-Ньюс» газет.

НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар ЖЫЛАСЭ Заурбэчщ.

Лъапсэрых

● Тхыдэ

ХьэтIохъущокъуэ Исмел-Псыгъуэ и лъэпкъым и кIуэдыжыкIар, архивым хэлъ Iуэхуэхм къаззрыхэщымкIэ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр №57-м итщ).

А псоми къыдэкIуэу, дауи, цIыхубзым къыхуихуауэ къыщIэкIынкъым 1989 гъэм къэс псэуну икIи щIышыплэм и 16-м 1989 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым къыдигъэкIа Указыр «ТIощ, щэщ, плIыщ гъэхэм икIи тхущ Iгъэхэм я пэщIэдзэхэм репрессием и фэбжь зыптысах-хэм яхуэгъэзауэ захуагъэр зэфIэгъэувэжьыным теухуауэ адрейхэм къадэкIуэу лэжьыпхъэ Iуэхуэгъуэхэр» жыхуиIэр, илъагъуну икIи абы къеджэну.

Гу зылъытапхъэ: Зи гугъу тщIа Указым ипкъ иткIэ, Iуэхуэхм щIэрыщIэу эхплъэжри, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокуратурэм хей ищIыжахэщ:

1. ХьэтIохъущокъуэ ХьэтIохъущыкъуэ Асльэнбэч и къуэр (1989 гъэм зыщцхьэуIум и 29-м).

2. ХьэтIохъущокъуэ Хьэсэн Алджэрий и къуэр (я гъэ дыдэм зыщцхьэуIум и 31-м).

3. ХьэтIохъущокъуэ Мысост ХьэтIохъущыкъуэ и къуэр (1989 гъэм фокIадэм и 21-м).

4. ХьэтIохъущокъуэ Исмэхьил ХьэтIохъущыкъуэ и къуэр (я махуэ дыдэм).

5. ХьэтIохъущокъуэ-Къаплъэн Жамболэт Алджэрий и къуэр (1989 гъэм фокIадэм и 29-м).

6. ХьэтIохъущокъуэ Асльэнбэч Алджэрий и къуэр (1989 гъэм дыгъэгъазэм и 29-м).

АРАТИ, щэщI гъэхэм я напэкIуэцIхэм щыщ зы къызэдгъэдзэжкIыжащ. ПцIы хэлъкъым, а напэкIуэцIым лъы бжьыгъэ телъщ. Ауэ тIощ, щэщI, плIыщI гъэхэм я тхыдэм и напэкIуэцI псори бжьыгъэ зэфэзэщу икIи фIыщIэ защIэу щытыкIым, языныкъуэ тхыдэджхэм, философхэм, тхаКIуэхэм, журналистхэм, юристхэм, политикэ унафэщIхэм (гъэщIэгъэнракъэ, зэман щIагъэлъэлъым икIи пхъэнкIийм хакухьым и фIыщIэкIэ, абыхэм гъуэгу ягъуэтащ, щIэныгъэ нэхъыщIхъэ зыIэрагъэхьащ, къулыкъу хъарзынэхэри къыIэщIалъхьащ) зэрыжаIэм, зэратхым хуэдэу.

Хьэуэ! НапэкIуэцI хужь икIи кIабзэ куэд а гъэхэм яхэтащ. Къэралым и дэтхэнэ щIыпIэми хуэдэу, ХьэтIохъущыкъуей Ипщэм (Зеикъуэм) ар щынэрылъагъущ. Iэ тедзэжыкIэ зымыщIэу, тхылъымпIэм Iэпхъуамбэр тезыгъауэу щытахэр еджэф икIи тхэф хъущ. ИужькIэ абыхэм я щIэблэхэм щIэныгъэлI, Iэщ IагъэлI, къэрал лэжьакIуэ, дззэшэ хьэлэмэтэхэр къэжкIащ. Абыхэм куэду яхэтщ щIэныгъэхэм я кандидатхэр, генерал щIэрыуэхэр, дохутыр, егъэджакIуэ Iэзэхэр, тхакIуэ зыкъом, инженер куэд, нэгъэщIэхэри.

Экономикэм ину зиужьауэ щытащ а лъэхъэнэм. Пхъэ ласкIэкIэ зи жьэгу пащхьэхэр къэзыгъэнэхуу щыта къуажэдэсхэм я унагъуэхэм электроуэздыгъэ къыщIэзэщIэнащ, Бахъсэн ГЭС-р яухуэри. Абыхэм я бгъэныщхьэ унэхэр кхъуэщыныщхьэ дахэкIэ, къэнжал цIуукIэ зэрахъуэкIащ. Шыгумрэ выгумрэ къикIри, машинэ псынщIэхэм цIыхухэр итIысхьащ.

Iуэхуэхуэщ ахэр псори. ИкъукIэ Iуэхуэхуэщ, зэхащIыкI-зэхамыщIыкIмы. Абыхэм нэхърэ нэхъ Iуэхуэхуэжщ, хэкIуэдэж адыгэ тIэкIур, нэгъэщIэ лъэпкъ цIыкIуэр революцэм и фIыщIэкIэ къегъэла зэрыхъуар (пащтыхьыжьхэм ирагъэкIуэкIа зэрыпхъуакIуэ икIи дкъуэзэныгъэ политикэ гущIэгъунщэм мащIэу нэхъ мыхъуми щыгъуазэ, Кавказ зауэ лъапсэрыхым и тхыдэ фIыщIэр щIэзыджыкIа дэтхэнэ зым я дежкIи гурыIуэгъуэщ дыкъызыхэкIа лъэпкъым хэкIуэджыну зэрыщытар, къанэ щымыIэу). Кьела кьудейм кьыщымынэу, я щэнхабзэм, бзэм, зэфIэкIым ину зэрызаужьар. Ахэр къэрал, уеблэмэ дуней утыкум зэрихьар къыжьIпIэну ирикъунщ. Къэралыгъуэ диIэ зэрыхъуар сыт и уасэ?.. Ахэр зыщцбгъэгъупщэ хъунукъым. Дыджагъ, Iенгъ щыIам къыдэкIуэ, фIыри ди гум илъын хуейщ. Нэ лъэныкъуэкIэ мыхъуу, зэман блэкIам интIымкIи хэпIъэн хуейщ: зым - Iейр, адрейм - фIыр ялъагъуу. Аращ тэмэмыр. Захуагъэр араща.

● Нобэ Сабий тхылъым и дунейпсо махуэщ

ХъугъуэфIыгъуэхэм ящыщщ

Сабий тхылъхэмкIэ дунейпсо советым къыхилъхьауэ 1967 гъэ лъандэрэ къэрал куэдым нэлъыжьыхьым и 2-м щагъэлъапIэ Сабий тхылъым и дунейпсо махуэр. А Iуэхугъуэм и мыхьэнэр зэрыиныр кърагъэлъагъуэу къызэгъэпэщакIуэхэм а махуэр трагъэхуащ Данием щыщ псысэтх Андерсен Ханс Кристиан къыщалъхуам.

1658 гъэм чех егъэджакIуэ Коменский Ян латинэбзэкIэ апэу сабийхэм папщIэ къыдигъэкIауэ щытащ «Мир чувственных вещей в картинках» зыфIищa тхылъыр. XVIII лIэщIыгъуэм цIыкIуэгр зыщIагъуфIыкIыну романитI - «Робинзон Крузо» (Дефо Даниэль), «Путешествия Гулливера» (Свифт Джонатан) - дунейм къытехьащ...

Абыхэм ебгъапщэмэ, ди сабий литературэр куэд щIакъым къызэрыунэхуурэ. Адэ-анэхэм, адэшхуэ-анэшхуэхэм я щIэблэр Iуэрыгуатэкlэ ягъасэ мыхъумэ, таурыхъхэмрэ псысэхэмрэ щIагъэдэIуурэ къамыгъэхъумэ нэгъуэщI Iэмал нэхъ пасэхэм яIатэкъым. Нэхъ гъэщIэгъуэныри, лъэпкъ хъыбарыжьхэм сабийхэри нэхъыжьхэри зэхуэдэ дыдэу зыIэпишэрт. Абы иджыри зэ уи фIэщ ещI цIыхум и къэухьми гупсысэми хитыхъуэу Iуэрыгуатэр зэрыщытыр. Ауэ зэманыр кIуэхукIэ, цIыхум зиужьурэ щIэныгъи зригъэгъуэтащ, тхылъхэми дахуэныкъуэ хъуащ. Абыхэм ящыщ зы Iыхьэ щхьэхуэу къэкIуэн хуейт сабий тхылъыр...

Адыгэ сабий литературэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэфI хуащIащ ди тхакIуэхэу АфIэунэ Лиуан, Гъубжокъуэ Лиуан, Нало Заур, КIуантIэ Iэзид, Хьэщыкъуей Олег, Щоджэн Леонид, ПхытIыкI Юрэ сымэ, нэгъуэщIхэми. Абыхэм я Iэдакъэ къыщIэкIа таурыхъхэр, усэхэр, рассказхэр лъэпкъ хабзэм, емрэ фIымрэ зэхэзыгъэкI Iуэхуэгъуэхэм, гъэсэныгъэм, нэгъуэщI лъапIэныгъэ куэдми ятехухуащ. ТхакIуэхэм я лIыхъужьхэр гъуэгу захуэм тетщ, я ныбжьэгъу тхылъеджэ щIыкIуэхэм я хьэлщэным зрагъэуэщIу.

Сабий тхылъым хуащI гулъытэр зыхуэдэр къагъэльагъуэу ди республикэм, хабзэ дахэ зэрыхъуауэ, тхьэмахуэ зэхэхьэ щекIуэкIащ. ЦIыкIуэхэм ягу къинэжащ литературэ-макъамэ пшыхьхэр, тхылъыщIэхэм теуха зэIущIэхэм, гъэлъэгъуэныгъэхэр, ди тхакIуэ-усакIуэхэм щаIущIа зэхьихьэхэр. КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин абыхэм языхэзым щыжиIащ: «Тхылъыр сыт щыгъуи цIыхум и ныбжьэгъуфIу щытащ. Абы щIэныгъэрэ акъылрэ къыдет, цIыхур нэхъ гуапэ ищIынри хуэзфIокIр». Министрым щIыхь тхылъхэмрэ саугъэтхэмкIэ игъэпажащ ныбжьыщIэхэм я республикэ зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэм къыщыхэжаныкIаехэр.

Апхуэдэ Iэмалхэри нэгъуэщIхэри къагъэсэфэпкIэрэ цIыхубзэр хущIокъуэщIэблэр тхылъымрэ щIэныгъэмрэ щытепщэ дунейм хашэну. Абы и щхьэусыгъуэр хэт джекIи гурыIуэгъуэщ: тхылъыр зи Iэпэгъу сабийр зэи зэранщу хъунукъым.

БАГЪЭТЭР Луизэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*



КIэух псалъэ

ХЬэтIохъущокъуэхэ пщIэ хуащIыжкIэрэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Правительствэмрэ Къэбэрдей Адыгэ Хасэмрэ жэрдэмыфI къыхалъхьэри, Налшык паркым «ХьэтIохъущокъуэхэ я хадэ» цIэр фIащыжащ.

Зи гугъу тщIы лъэпкъым паркым и щIыналъэр зэрыIэщIэлъар, абы ит жыгхэр зэрыхисар икIи зэрызэрихьар къэплъытэу щытмэ, ар икъукIэ Iуэху дахэщ. Дигу къэдвгъэгъэкIыжьыт Кавказ зауэ гущIэгъунщэр зэхэзыубла, зи щхьэгъусэр езыгъэхIыжа, нэуфIыщIыкъэрыуэу къэрал мыгъкIыкIэ щIыналъэ щхьэхуэхэмрэ (пщынлIхэри щыгъуу) зи щIасэлIхэм яхуэзыгъэшауэ щыта пащтыхь Екатеринэ ЕтIуанэр; абы и къуэрылъуу Александр Езанэу, зи адэр «цIутI» жимIэу езыгъэкIуэкIар икIи, урыс, адыгэ, нэгъуэщI лъэпкъ жьIпIэми, цIыху куэд дыдэ зыхэкIуэда а зауэ хьэлъэм пызыщар; абы и къуэш Николай Езанэу Кавказ зауэжьыр нэхъ гуащIэжу езыгъэкIуэкIар икIи декабристхэм Iисраф яхэзылъхьар; мы пащтыхьым и къуэ Александр ЕтIуанэу стратегическэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Аляскэ щIыналъэр Америкэм езыщэжар икIи Iисрафыпщ ЕтIэр адыгэ лъэпкъым къыхуигъакIуэу, ар «Истамбыл гъэгу» насыпыншэм тезышар; кьимыдэкIэ пащтыхь генерал, адмиралхэу Деникин Антон, Колчак Александр, Врангель Пётр, нэгъуэщI дзэпщхэу лъэпкъ зэрыкIыкъ зауэ хьэлъэр - Граждан зауэр - Антантэр я дэIэпыкъуэгъуэу ди къэралым щызыхэзыублакэм (къэплъытэ хъунущ ахэр мыхъуамэ «террор плъыжь» жьхуаIэр щымыIэну щытауэ е мащIэу фIэкIа щыIэну щымытауэ) я Iэужьхэр. Дауэ щымытами, иужьрей илъэсхэм абыхэм я щытхъу фIэкIа къапэсрыжьыркъым. Щхьэщэ хуащIу, фэеплъ сын абыхэм хуагъэув, хамэ къэралым къарашыжри, я хьэдэхэр мыбы щыщIалъхьэж.

Зи гугъу тщIахэм еплъытмэ, сыт ХьэтIохъущокъуэхэ я лажьэр? Къуаншагъэу ябгъэдэлъхьэм: хабзэм тету ахэр хей ящIыжащ.

А псор къэплъытэу щытмэ, икъукIэ игъэущ абыхэ я унэцIэр Налшык паркым зэригъэтыжар.

Зэрантэкъым, уеблэмэ гуапагъэт икIи псапэт, Iэху ящIрэ, Зеикъуэ кьуажэ администрацэм, жьлэм щыщ хьэрычэтыщIэхэм (абыхэм щIалэ хьарзынэ зыкъом яхэтащ), ежкапIэхэм я унафэщIхэм ХьэтIохъущокъуэхэ яхуэгъэза Iуэху щхьэпэ гуэрхэр ялэжьатэмэ: 1909 гъэм фокIадэм ХьэтIохъущокъуэхэ яухуауэ щыта унэ ныкъуэкъуэтэр зэфIагъэувэжамэ, кьуажэкуэм ит кхъэм щыщ кIапэу, а лъэпкъым щыщ зыкъом зэщIэлъныр ягъэхъэбзамэ, кьуажэ музейм и экспонатхэр нэхъыбэ ящIамэ, хьэпшып, тхыгъэ, сурэт гуэрхэр къагъуэтыжурэ.

Фэеплъ кьудей мыхъуу, кьуажэм и тхыдэр зэбгъащIэнымкIи ахэр сэбэп хъунт.

ЛIЫГЪУР Чэрим.

● Гъуазджэ

Рихтер Святослав илъэси 100 ирокъу

Налшык Гъуазджэхэмкlэ и школ №1-м иджыблагъэ щекIуэкIащ къаlэм и макъамэ еджапIэхэм фортепианэмкIэ и къудамэхэм щIэс ныбжьыщIэхэм я концерт. Ар теухуауэ щытащ къызэралъхурэ илъэси 100 ирикъуа музыкант цIэрыIуэ, XX лIэщIыгъуэм и пианист Iэзэ Рихтер Святослав.

ФОРТЕПИАНЭМ Iэзэу пIэхэм щIэс ныбжьыщIэ зэреуэр ягъэлъэгъуащ 11-м, апхуэдэу Гъуазджэ-Налшык и макъамэ еджа-хэмкIэ сабий школым и гъэсэнхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ.

- Урыс фортепианэ еджапIэр дуней псом нэхъыфIу ясыщалъытэрт, апхуэдэ школ нэгъуэщI щIыпIэ щыIакъым. ЕджапIэм и лъабжьэр зыгъэтIылъар Нейгауз Генрихщ. Абы и еджакIуэ нэхъыфIу щытащ Рихтер Святослав. Ар зэчиишхуэ зыбгъэдэлъ, абы и зэфIэкIым хуэдэ зыми иIакъым. Рихтер и утыку итыкIар ноби пианинэ еуэныкIэ фIагъым и щапхъэщ, - жиIащ Налшык къаlэ администрацэм щэнхабзэмкIэ и къудамэм и унафэщI Токъуий Мадинэ. - Налшык къали диIэщ фортепианэ макъамэмкIэ егъэджакIуэ хъарзынэхэр. Концертыр пианинэм еуэн щIэзыдзагъащIэ ныбжьыщIэхэм я къарукIэ къызэрагъэпэщащ икIи абы ахэр фIы дыдэу ехъулIащ. Макъамэ школхэм я лэжьыгъэм нэхъыщхьэу хэлъыр макъамэр зыхэзыщIэ, къызыгурыIуэ, щэнхабзэ куу зыхэлъ цIыху нэс гъэсэныгъ. Ди зэманым гъэсэныгъэ Iуэхум макъамэми мыхьэнэ гуэр щегъэзащIэ.

ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.



Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр къыщыдэкIынур мэлыжьыхьым и 4-рщ.

Европэм и чемпионхэм къахохъуэ

Польшэм и Валжбихэ къалэм щекIуэкIащ Европэм спорт бэнэкIэмкIэ и чемпионат. Абы хэтащ зи ныбжьыр илъэс 23-м щIимыгъуа спортсменхэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ щIалищым мы зэхьэзэхуэм ехъулIэныгъэхэр щызыIэрагъэхьащ.

КИЛОГРАММИ 125-м нэс зи хьэлъагъэм я зэпеуэм **Къущхьэ Мурадин** къыщыплъэщым къахэкIакъым. Абы и хьэрхуэрэгъуэхм зы очкои яригъэхьакъым. Финалым 6:0-у Къущхьэм щыхигъэщIащ Куржым икIа Мешвилдишвили Георгий икIи дыщэ медаль зыIэригъэхьащ.

Тельыджэу зыкъигъэлъэгуащ **Мусукаев Исмэхьил**. Килограмм 57-м нэс зи хьэлъагъэм я зэпеуэм ар псоми щефIэкIащ. КIэух зэIущIэм Болгариер щыщ Вангелов Георгий 11:0-у щытекIуэри, ари Европэм и чемпион хъуащ.

Дыжьын медаль къиуащ **Къэбло Заур**. Ар финалым къыщыхигъэщIащ Молдавием икIа Чобану Виктор.

КЪЭХЪУН Бэч.

«Налмэсыр» къыфпоплъэ

ЦIыхубзэ къафэхэмкIэ «Налмэс» къэрал академическэ ансамблым и концертым фыдогъэблагъэ.

Концертыр Налшык и Музыкэ театрым мэлыжьыхьым и 11-м щекIуэкIынущ. ЩыщIидзэнур сыхьэт 19.00-рщ.

Билетхэм кассэм фыщыщIэупщIэ. Телефонхэр: 8 8662 77 42 08, 8 952 078 36 05.

КъБР-м Печатымрэ цIыхубз коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетым, КъБР-м и Журналистхэм я союзым, «КъБР-м и ЦIыхубз хъыбарегъащIэ Iуэхущ1апIэхэм я лажьыгъэр зэзыгъэуIу комплекс центр» къэрал кIэзэнэ Iуэхущ1апIэм я лажьакIуэхэр, «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Заман», «Горянка», «Советская молодежь» газетхэм, «Iуащъхэмахуэ», «Минги-Тау», «Литературная Кабардино-Балкария», «Нур», «Нюр», «Солнышко» журналхэм я редакцэхэр, программхэр къэзыт «Къэбэрдей-Балъкъэр» телекомпаниер, «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телерадиокомпаниер, «Налшык» жылагъуэ радиотелекомпаниер, «Къэбэрдей-Балъкъэр» хъыбарегъащIэ агентствэр, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэр, «Тетраграф» ООО комбинатыр, Дунейпсо Адыгэ Хасэр, Къэбэрдей Адыгэ Хасэр ХьэрычэтыщIэхэм я хуитыныгъэхэм къащIэхьэщыжьынымкIэ уполномоченнэу КъБР-м щыIэ **Тау Пщыкъан Къес и къуэм** хуогузавэ абы и къуэш **Тау Къаржъан Къес и къуэр** зэрылIам къыхэкIыу.

КъБР-м и Печатымрэ цIыхубз коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетым, КъБР-м и Журналистхэм я союзым, «КъБР-м и ЦIыхубз хъыбарегъащIэ Iуэхущ1апIэхэм я лажьыгъэр зэзыгъэуIу комплекс центр» къэрал кIэзэнэ Iуэхущ1апIэм я лажьакIуэхэр, «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Заман», «Горянка», «Советская молодежь» газетхэм, «Литературная Кабардино-Балкария», «Iуащъхэмахуэ», «Минги-Тау», «Солнышко», «Нур, «Нюр» журналхэм я редакцэхэр, «Къэбэрдей-Балъкъэр» хъыбарегъащIэ агентствэр, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэр, «Тетраграф» ООО комбинатыр журналист, 1972 - 1976 гъэхэм «Советская молодежь» газетым и редактор нэхъыщIыхьэу щыта, публицист, тхакIуэ **Къущхьэунэ Алексей Шагьир и къуэр** зэрылIам къыхэкIыу абы и Iыхьлыхэмрэ я благъэхэмрэ яхуогузавэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Кьардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩIхьэщэмыщI Иэз.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхуэхмкlэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмрэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлэжьэныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1апIэм - 42-26-41; сурэтхэм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщIэтэ Iуэхутыгъэхэм я пэжагъымкIэ аэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эльэ, редактору ЩIхьэщэмыщI Иэз, корректорхэу Щоджэн Заирэ** *(1, 2, 4-нэ нап.)*, **Мырзэкъан ФатIимэ** *(3, 5, 6-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и телIэр ящIащ* **Доя Мариноэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахьуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Къарей Элинэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.248 ● Заказ №543